



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 28 desanm 2012

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PWOJÈ “BUILD SMART NY” AVÈK YON DEKRÈ EGZEKITIF

Ajans Eta yo Resevwa Enstriksyon pou Ogmante Rannman Enèji a 20% nan Sèt (7) Ane

Pwojè a Pral Ekonomize Anpil Milyon Dola pou Kontribiyab yo, epi L ap Kreye Anpil Milye Djòb

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon Dekrè Egzekitif pou mande ajans eta yo pou ogmante rannman enèji nan bilding eta yo a 20 pousan nan sèt (7) ane - youn nan pwojè ki pi dinamik nan nasyon an ki pral ekonomize anpil milyon dola pou kontribiyab yo, epitou ki pral kreye anpil milye djòb pandan l ap fè gwo rediksyon nan emisyon gaz efè tèmik. Gouvènè a te lanse “Build Smart NY” tou, yon plan pou aplike Dekrè Egzekitif la sou plan estratejik lè li fasilite amelyorasyon priyorite yo nan rannman enèji a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Amelyorasyon rannman enèji nan bilding nou yo se yon investisman entèlijan nan prezan ak avni nou. Avèk Build Smart NY, gouvènman eta a kapab fè gwo ekonomi lajan pou kontribiyab New York yo, epitou li kapab kreye anpil milye djòb, pandan l ap redui gaz efè tèmik yo a plis pase uit (8) milyon tòn metrik - ki se menm bagay ak retire yon milyon vwati sou wout yo pou yon ane. Answit, pifò nan pwojè yo ap peye pou tèt yo pandan ekonomi lajan nan enèji ap sèvi pou depans yo, pou fè pwojè sa a vin yon gayan-gayan finansye ak pou anviwònman an pou Nouyòkè yo.”

Pou reyalize objektif ogmantasyon rannman enèji a 20 pousan nan sèt (7) ane, Build Smart NY ki deziyen administrasyon an, yon plan aplikasyon estratejik k ap itilize done enèji eta bilding eta a pou bay priyorite pou pwojè k ap bay pi gwo ekonomi lajan nan enèji pou chak dola ki depanse. Y ap abòde pi gwo bilding ki pi efikas yo, epi y ap fè amelyorasyon jeneral nan tout bilding nan. Amelyorasyon bilding nan gen ladan mezi tankou nouvo enstalasyon ak kontwòl pou ekleraj, sistèm chofaj, sistèm ayerasyon ak sistèm è-kondisyone, motè elektrik ak sistèm kontwòl enèji ki otomatize.

Build Smart NY sipòte pi gwo pwogram NY Works Gouvènè a ak pwogram devlopman ekonomik k ap kowòdone finansman eta a pou fasilite pwojè k ap kreye anpil djòb ak amelyore enfrastrikti eta a. NY Works la pou fasilite pwojè yo chwazi k ap gen pi gwo enpak ekonomik, pou pèmèt yo kòmanse san pèdi an epitou pou redui depans pwojè yo a anpil santèn milyon dola.

Menm jan tou, Build Smart NY ap fasilite pwojè k ap bay pi gwo ekonomi lajan epitou k ap kowòdone

Haitian Creole

tout depans yo. Pwogram nan ap asire yo konsidere tou amelyorasyon rantab pou ekonomize lajan nan enèji nan tout planifikasyon pwojè kapital.

New York Power Authority (NYPA) te pran angajman pou bay \$450 milyon dola nan finansman ki pa koute chè pou pwojè sa a. Answit, pou pifò pwojè yo, pa gen depans kapital davans k ap obligatwa, paske ajans yo ap kapab ranbouse prè yo avèk ekonomi lajan ki fèt nan enèji pwojè yo. Eitou nan sipò Build Smart NY, plizyè kalite pwogram rannman enèji New York State Energy Research and Development Authority's (NYSERDA) bay objektif ak enfòmasyon sou demann pou ede ajans eta yo ak lòt ajans pran desizyon konsènan enèji ki baze sou enfòmasyon, epitou yo bay avantaj finansye enteresan pou ede konpanse depans ki fèt pou amelyore rannman enèji.

Pwogrè enpòtan deja fèt nan kèk dènye mwa yo. Yo te rasanble done yo sou plis pase 180 milyon pye kare bilding ak kanpis - apeprè 95 pousan estòk bilding Eta a, epi travay te kòmanse sou 30 milyon pye kare byen imobilye.

Pou sipòte efò Gouvènè a pou ogmante rannman enèji, yo te lanse yon nouvo platfòm sitwèb jodi a ki afiche rapò sou pwogrè, etid ka yo, ekonomi lajan nan enèji, depans pwojè yo, ak lòt enfòmasyon pou piblik la, pou bay pi plis responsablite ak transparans sou depans ak pèfòmans gouvènman an. Avèk sitwèb sa a, Eta New York se premye eta tou nan itilizasyon gwo done ak teknoloji rezo sosyal pou kreye transparans nan rannman enèji bilding, pou kreye inovasyon, epi pou fasilite pwojè yo. Platfòm nan fonksyone avèk teknoloji nan New York City start-up, Honest Buildings, Inc. Pou jwenn plis enfòmasyon, konekte sou entènèt nan sitwèb www.buildsmart.ny.gov.

Tony Malkin, Prezidan Malkin Holdings, Sipèvizè Empire State Building, di konsa, "Gouvènè a montre bon kalite dirijan nan pwojè Build Smart NY pou ogmante rannman enèji nan tout pwopriyete eta a. Eta New York itilize pi bon leson nan pratik prive, epi li kreye yon politik piblik gran echèl ki baze sou vrè done pou detèmine investisman ak rannman. Pwogram nan ap bay priorite pou pwojè yo, epi l ap aplike resous nan bilding ki kapab bay pi gwo avantaj pou lajan kontribiyab yo, pandan l ap asire li divilge etid ka yo ak enfòmasyon sou bilding nan pou piblik la. Jackson Morris, Direktè Strategic Engagement for the Pace Energy & Climate Center, di konsa, "Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou pwojè sa a k ap kreye anpil djòb epitou k ap ekonomize lajan Nouyòk yo.

Jodi a, Gouvènè Cuomo te vanse New York nan yon etap pi pre pou li vin yon eta ki pi rantab nan enèji nan nasyon an. Lè nou trase egzanp nan fè bilding eta a pi rantab nan enèji sa ap ekonomize lajan kontribiyab yo, kreye anpil milye djòb lokal, epitou sipòte pi gwo efò New York pou diminye emisyon gaz efè tèmik yo. Sa a se sètènman kalite dirijan eta a ak nasyon an bezwen pou vanse nan yon ekonomi enèji pwòp 21^{yèm} syèk la, epitou nou bat bravo pou Gouvènè a poutèt li lanse pwojè tounèf sa a."

Greg Hale, Direktè Konsèy Finans Rannman nan Defans Resous Natirèl, di konsa, "Pwojè Build Smart NY Gouvènè Cuomo se yon premye egzanp kolaborasyon sektè piblik-prive. Investisman Eta New York nan chanjman efikasite enèji rantab nan bilding eta a ap kreye anpil milye djòb pou biznis lokal yo, pandan l ap ede lanse yon mache sektè prive pou modènizasyon efikasite tankou nan sa ki nan kominote yo nan

eta a. Ekonomi lajan nan enèji a ki fèt avèk amelyorasyon efikasite sa yo nan bilding eta a posede p ap non sèlman ranbouse premye investisman eta a nan kèk ane, men tou l ap kontinye ekonomize anpil milyon dola nan lajan kontribiyab yo pou ane k ap vini yo."

Mary Barber, chèf estrateji Pwogram Enèji Fon pou Anviwònman ak direktis biwo EDF New York, di konsa, "Lè nou ogmante ranman enèji ak resous enèji renouvlab yo, Nouyòkè yo kapab limite polisyon an avèk efikasite, redui emisyon kabòn nuizib yo, diminye bòdwo enèji yo, epi kreye anpil nouvo djòb. Kalite dirijan ak angajman Gouvènè Cuomo pou redui itilizasyon enèji nan ajans Eta yo, administrasyon yo ak komisyon yo a 20% anvan ane 2020 ap fè Eta New York vin yon modèl pou lòt eta ki nan peyi a."

Gil C. Quinones, prezidan ak direktè jeneral, New York Power Authority, di konsa, "Pwojè Build Smart NY Gouvènè Cuomo se yon apwòch tounèf ak pratik pou ranman enèji, pou fasilite reyalizasyon mezi pou rantabilite, epitou pou bay priyorite pou travay pou asire aplikasyon efikas. Amelyorasyon ranman enèji bilding eta a ap ekonomize anpil santèn milyon dola nan lajan kontribiyab yo, l ap kreye anpil nouvo djòb nan investisman kapital nan pwojè pou ekonomize enèji, epitou l ap bon pou anviwònman an."

Francis J. Murray Jr., Prezidan ak Direktè Jeneral NYSERDA, di konsa, "Pwojè Build Smart NY se yon lòt egzanp angajman serye Gouvènè Cuomo pou ogmante ranman enèji toupatou nan Eta New York. "NYSERDA fyè pou patisipe nan efò sa a pandan n ap travay avèk patnè yo ki nan gouvènman an ak sektè prive a pou fè yon transfòmasyon pèmanan nan fason yo fè plan ak bati nouvo bilding yo, ak nan fason yo re-ekipe bilding ki la deja avèk pwojè a, mezi pou efikasite enèji rantab. Pwojè ki anba Build NY Smart ap diminye itilizasyon enèji gouvènman an, redui depans pou enèji, epi ogmante djòb nan sektè rantabilite nou k ap ogmante."

RoAnn Destito, Manm Komisyon, Biwo Sèvis Jeneral (OGS), di konsa, "Pwojè Build Smart NY Gouvènè Cuomo fè sans pou anviwònman an ak pou kontribiyab yo. Nou konnen ki gwo enpak pwojè sa a ap genyen lè li egzekite nan bilding ki toupatou nan eta a, paske OGS te wè rezilta pwogram ranman enèji nou te mete anplas nan bilding biwo eta a."

Men Dekrè Egzekitif la anba la a:

POU MANDE AJANS AK ADMINISTRASYON ETA A POU

AMELYORE RANMAN ENÈJI BILDING ETA A

ALÒSKE, New York devwe pou objektif pwoteksyon anviwònman an ki konpatib youn pou lòt, sekirite enèji ak kwasans ekonomik; epi

ALÒSKE, yo te idantifye ogmantasyon ranman enèji kòm pami metòd ki pi rantab pou redui gaz efè tèmik ak lòt emisyon polyan nan anviwònman an ak ogmantasyon sekirite enèji; epi

ALÒSKE, ogmantasyon rannman enèji kapab pèmèt vin gen plis djòb ak yon rediksyon nan depans fonksyonman bilding yo; epi

ALÒSKE, New York pran angajman pou aplike nouvo politik pou ankouraje itilizasyon efikas enèji ak resous natirèl nan enterè pwoteksyon ak amelyorasyon anviwònman an, ekonomi ak sante piblik eta a alontèm;

KOUNYE A, KIDONK, Mwen, **ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a:

I. DEFINISYON

Pou objektif Dekrè Egzekitif sa a, tèm ki anba la yo defini konsa:

A. “Òganizasyon Eta ki Afekte” vle di (i) tout ajans ak departman kote Gouvènè a gen Otorite Egzekitif, epi (ii) tout sosyete ki bay avantaj piblik, otorite piblik ak komisyon kote Gouvènè a deziyen Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Komisyon, sof pou Port Authority of New York and New Jersey.

B. “Entansite Itilizasyon Sous Enèji Mwayen” oswa “EUI mwayen” vle di itilizasyon enèji sous mwayen pou chak pye kare pou tout bilding eta a posede ak jere.

C. “Enèji sous” vle di tout enèji ki itilize nan livrezon enèji nan yon bilding, tankou pwodiksyon, transmisyon ak pèt distribisyon enèji.

II. OBJEKTIF POU REDIKSYON ENÈJI

Anvan 1ye avril 2020, tout Òganizasyon Eta ki Afekte yo dwe redui ansanm EUI mwayen nan bilding Eta a posede ak jere a omwen 20% nan yon baz EUI mwayen bilding sa yo pou ane fiskal eta a 2010/2011 ("Objektif").

III. OBLIGASYON POU REYALIZE OBJEKTIF

A. Ekip Kontwòl ak Egzekisyon Santral: New York Power Authority (“NYPA”) dwe kreye yon ekip jesyon ak egzekisyon santral (“CMIT”) pou administre Dekrè Egzekitif sa a.

(1) CMIT resevwa enstriksyon ak otorizasyon pou:

- (a) Pran tout mezi ki apwopriye pou asire yo reyalize Objektif la;
- (b) Mande Òganizasyon Eta ki Afekte yo pou respekte egzijans Dekrè Egzekitif sa a;
- (c) Kreye gid (“Gid yo”) anvan nèf (9) mwa ki vini apre piblikasyon Dekrè Egzekitif sa a pou ede Òganizasyon Eta ki Afekte yo pou respekte Dekrè Egzekitif sa a, epi annapre pou fè chanjman nan Gid yo, jan li nesèsè;

- (d) Bay asistans estratejik, teknik ak lòt asistans pou chak Òganizasyon Eta ki Afekte yo pou sipòte egzekisyon Dekrè Egzekitif sa a;
- (e) Devlope etap enpòtan chak ane pou reyalize Objektif la sou pwochen sèt (7) ane anvan 12 mwa ki vini apre piblikasyon Dekrè Egzekitif sa a;
- (f) Devlope ak aplike egzijans rapòtaj pou note pwogrè chak Òganizasyon Eta ki Afekte nan reyalizasyon Objektif la;
- (g) Devlope yon plan jeneral operasyon ak antretyen pou pòtfolyo bilding eta a pou ede reyalize amelyorasyon efikasite pou gratis ak ti depans epitou pou asire ekonomi lajan ki fèt nan efikasite a kontinye san rete; epi
- (h) Soumèt yon rapò chak ane ba Gouvènè a anvan 15 janvyè chak ane, apati ane 2014, pou detaye pwogrè jeneral Òganizasyon Eta ki Afekte yo ap fè pou reyalize Objektif la. Egzijans pou bay rapò chak ane dwe endike nan Gid yo.

(2) Biwo Sèvis Jeneral ak New York State Energy Research and Development Authority resevwa enstriksyon pou bay asistans teknik pou CMIT ak pou chak Òganizasyon Eta ki Afekte anrapò avèk respè pou Dekrè Egzekitif sa a ak aplikasyon li ak egzijans CMIT kreye yo dapre Dekrè Egzekitif sa a.

B. Òganizasyon Eta ki Afekte yo

Anplis egzijans yo kreye ki endike anwo a, chak nan Òganizasyon Eta ki Afekte yo dwe respekte sa ki anba la a”:

(1) Tès Pèfòmans. Pou chak ane fiskal Eta a, chak Òganizasyon ki Afekte dwe evalye itilizasyon enèji nan bilding Eta a posede ak jere ki gen yon zòn ki pi gran pase 20.000 pye kare. Yo dwe teste bilding ki sou kanpis orijinal ki mezire yo nan nivo kanpis la jouk lè yo sou-mezire yo nan nivo bilding nan, apre pwen yo dwe teste bilding sa yo nan nivo bilding nan.

(2) Odit. Bilding ki resevwa nòt ba pou tès pèfòmans lan, jan sa defini nan Gid yo, dwe fè yon odit enèji Nivo II American Society of Heating, Refrigeration, and Air-Conditioning Engineers (“ASHRAE”) oswa nenpòt lòt odit ki ka konpare epi ki jwenn apwobasyon CMIT. Kanpis ki gen EUI ki depase mwayèn nan oswa move nòt pou tès pèfòmans, jan sa defini nan Gid yo, oswa ki gen priyorite nan Òganizasyon Eta ki Afekte yo ak CMIT, dwe fè yon odit enèji Nivo II ASHRAE nan nivo kanpis la oswa nenpòt odit ki ka konpare epi ki jwenn apwobasyon CMIT. Anplis mezi rannman enèji a, odit yo dwe idantifye opòtinite pou pwodiksyon renouvlab anplas ki rantab ak chofaj ak enèji ki bay rannman siperyè ansanm.

(3) Pwojè Envestisman ki Obligatwa ak Mezi pou Pi Bon Rannman Enèji Òganizasyon Eta ki Afekte yo dwe mete anplas yon pòtfolyo mezi rantab ki idantifye ak rekòmande nan odit la, epi yo dwe fè gwo pwogrè pou reyalize mezi yo anvan dezan ki vini apre reyalizasyon odit la. Yon pòtfolyo ka gen

ladan, men pa dwe limite sèlman, amelyorasyon operasyonèl pou gratis ak pou ti depans, retwo-komisyon, re-ekipman pou ranman enèji kapital, ak lòt mezi CMIT idantifye.

(4) Sou-meziraj. Òganizasyon Eta ki Afekte yo dwe travay avèk CMIT pou bay priyorite pou sou-meziraj pou tout sous enèji enpòtan bilding ki pi gwo pase 100.000 pye kare sou yon kanpis orijinal yo mezire pou idantifye fason pou finance sou-meziraj la. Tout bilding ki gen pi plis pase 100.000 pye kare sou kanpis orijinal yo mezire yo dwe sou-mezire pou tout konbistib ak lòt sous enèji anvan 31 desanm 2016 pou pèmèt chak bilding apa fè tès pèfòmans, sof si Òganizasyon Eta ki Afekte ki posede oswa ki opere bilding nan kapab montre ba CMIT li pa gen ranman oswa li pa posib pou fè sa.

(5) Mete Analis Ranman Enèji nan Pwosis Planifikasyon Kapital. Nan pwosis planifikasyon kapital la, tout Òganizasyon Eta ki Afekte yo dwe gen ladan yon analiz ranman enèji nan modèl tout plan pwojè kapital yo. Pwojè kapital la ta dwe gen ladan mezi oswa teknoloji pou enèji efikas ki detèmine pou bay ranman, jan sa defini nan Gid yo.

(6) Kredi. Òganizasyon Eta ki Afekte yo ka resevwa kredi nan Objektif la poutèt yo ogmante ranman enèji nan espas yo anfème a. Answit, Òganizasyon Eta ki Afekte yo ka resevwa kredi pou reyalize Objektif la pou enstale pwodiksyon renouvlab anplas si bilding k ap resevwa a pou pwodiksyon enèji renouvlab la deplwaye tout amelyorasyon ranman efikasite enèji rantab ki annamoni avèk objektif Dekrè Egzekitif sa a. Òganizasyon Eta ki Afekte yo dwe konsilte avèk CMIT ak aplike nan CMIT konsènan kredi sa yo.

(7) Rapòtaj. Anvan 1^{ye} oktòb chak ane sivil, chak Òganizasyon Eta ki Afekte dwe soumèt tout enfòmasyon CMIT mande sou tout bilding Eta a posede ak jere ki gen yon zòn ki pi plis pase 20.000 pye kare, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki asosye avèk konfòmite pou evalyasyon avèk Dekrè Egzekitif sa a.

C. Egzanpsyon

Itilizasyon kouran elektrik ki asosye avèk chajman veyikil pa dwe nan Objektif la ak egzijans Dekrè Egzekitif sa a. CMIT gen otorizasyon pou bay lòt egzanpsyon pou rezon valab yo montre dapre kritè ak pwosedi ki endike nan Gid yo, tankou eksepsyon ki asosye avèk bilding ki te jwenn ak konsève sètifikasyon ENERGY STAR oswa sètifikasyon sanblab, oswa ki gen nòt pou tès pèfòmans ki mete bilding sa yo nan katil siperyè bilding ki ka konpare pou ane patikilye ki konsène a. Òganizasyon Eta ki Afekte yo dwe soumèt demann yo pou egzanpsyon chak ane ba CMIT. Nenpòt demann pou egzanpsyon ak desizyon final CMIT pran dwe endike nan rapò anyèl la.

IV. ABWOGASYON DEKRÈ EGZEKITIF ANVAN YO

Dekrè Egzekitif Nimewo 111, ki te pibliye 10 jen 2001, anile ak ranplase avèk Dekrè Egzekitif sa a apati dat ki endike a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418